

Rezolisyon Pwoblèm ak

Repons a Enstriksyon/Entèvansyon la FLORID Enfòmasyon pou Paran yo -2009

KOMANSE SOU BAZ SOLID POU PWOMOUVWA YON PI BÈL LANDEMEN

KISA YO RELE REPONS A ENTÈVANSYON?

Tout paran ta renmen wè pitit yo reyisi. Lè timoun pa fè pwogrè nan lekti, matematik, ekri, oswa lòt matyè oubyen si timoun la gen difikilte pou li antann li ak lèzòt oswa fè bon chwa sa kab kreye fristrasyon.

Repons a entèvansyon (Rtl) se yon pwosesis ki founi entèvansyon ak sipò edikasyonèl ba tout elèv a diferan nivo entansite selon bezwen endividyèl yo. Bi pwogram sa a se pou evite pwoblèm yo ak entèvni bone pou elèv yo ka reyisi ak siksè.

Vizite <http://www.florida-rti.org/> pou plis Enfòmasyon

Kisa map jwenn nan Rtl?

- Yap kenbe w okouran e wap kab patisipe nan planning ak entèvansyon pou pitit ou.
- Wap jwenn dive nivo sipò (akademik ak pou konpotman) ka va swa ogmante nan entansite oswa redwi nan entansite dapre bezwen pitit ou yo.
- Wap resevwa ase souvan konsa rapò sou pwogrè sou kijanpitit ou reponn a entèvansyon yo founi ba li.

SA Rtl sanble?

Pwosesis Rtl la gen twa nivo ki enkòpore youn nan lòt. Chak nivo founi ak sipò entansif:

• Premye nivo a (I) gen ladann edikasyon gwo

Kalite. Lekòl la bay tout elèv yo aksè a yon Kourikoulòm kalite siperyè, enstriksyon, ak sipò nan konpòtman nan klas edikasyon jeneral yo.

• Dezyèm nivo a (II) enkli entèvansyon/ enstriksyon siplemantè adisyonèl byen sibla.

Lekòl la founi entèvansyon ba ti gwoup elèv ki bezwen plis sipò ke sa yo resevwa nan 1ye nivo a.

• Twazyèm nivo a (III) enkli entèvansyon entansif yo.

Lekòl la devlope ak mete an plas entèvansyon ki reyini Tout bezwen endividyèl elèv yo.

Yo swiv pwogrè pitit ou ansanm ak tout rezilta yo po Pran desizyon sou enstriksyon adisyonèl ak entèvansyon.

Rtl Enkli ladann:

1. Kalite siperyè sipò ki baze sou rechèch konsènan enstriksyon ak konpòtman nan edikasyon jeneral.
2. Metòd depistaj nan tout lekòl pou detèmine ki elèv ki bezwen swiv pi pre oswa bezwen entèvansyon adisyonèl.
3. Plizyè nivo entansif, entèvansyon baze sou rechèch pou matche bezwen elèv yo.
4. Izaj metòd kolaborasyon pou rezoud pwoblèm pou devlope, mete soup ye ak swiv entèvansyon yo.
5. Swivi san enteripsyon pwogrè elèv la pou detèmine si enstriksyon/entèvansyon yo ap bay rezilta ak satisfè tout bezwen elèv yo.
6. Fè swivi pou asire ke enstriksyon/entèvansyon yo aplike jan yo te planifye an.
7. Patisipasyon aktif paran a atravè pwosesis chache jwenn solisyon ka va bay bon jan siksè
8. Obligasyon pou swiv yon kwonoloji evalyasyon a Amwens ke paren y oak ekip lekòl la ta dakò a yon delè pou chache konnen kisa ki pi byen fonksyone pou elèv la.

**Adapte dapre National Joint Committee
On Learning Disabilities.**

Rezolisyon Pwoblèm ak

Respons a Enstriksyon/Entèvansyon la FLORID Enfòmasyon pou Paran yo -2009

Kijan mwen ta kab patisipe nan Rtl?

Tout paran jwe yon wòl enpòtan nan sa pitit yo ap aprann lekòl. Plis paran yo patisipe nan edikasyon elèv yo, plis elèv la va reyisi. Poze kesyon pou aprann davantaj sou pwosesis sa a:

- Eske pitit mwen ap reyisi? Si non, ki sòt enstriksyon entèvansyon pitit mwen pral resevwa?
- Ki kalite pwogram yap itilize nan klas pitit mwen? (egzanp pwogram edikasyonèl, sipò pou entèvansyon?)
- Kijan yo kab ofri ed adisyonèl? Kilès ki ofri? Chak konbyen tan? Pou konbyen tan?
- Kijan map fè konnen si pitit mwen ap fè pwogrè? Kijan map fè konnen si pitit mwen fè ase pwogrè?
- Kisa lekòl la ap fè si pitit mwen pap fè pwogrè?
- Kisa mwen ta kab fè pou ede pitit mwen?

Mande pwofesè pitit pou plis enfòmasyon konsènan Kijan ou ta kab patisipe nan pwosesis Rtl la.

KISA POU MWEN FÈ SI MWEN PANSE PITIT MWEN GEN DIFIKILTE?

- Pale ak pwofesè pitit ou.
- Revize ak edel ak devwa liyo.
- Mande pou swivi rapò pwogrè yo.
- Selebri tout reyisit pitit ou .
- Chache konnen plis sou kourikoulòm, evalyasyon yo ak metòd entèvansyon yap itilize nan lekòl pitit ou a.
- Patrisipe nan tout konferans ak lòt reyinyon yo ki konsènan pitit ou
- Fè yon lis tout kesyon espesifik pou mande pandan Konferans yo (egzanp kisa kap fonksyone? Osw ki lòt sipò adisyonèl li ta ka bezwen?)

**Pou plis enfòmasyon kontakte Prensipal Lekòl la
Biwo Konsèy Distri Lekòl la.**

Wap jwenn enfòmasyon pou kontak yo nan:

[http://www.fldoe.org/schools/schoolmap/flash/
district_list.asp](http://www.fldoe.org/schools/schoolmap/flash/district_list.asp)